

Enfòmasyon Enpòtan sou Matematik pou Klas Premye Ane

Nimewo Jiska 120 ak Valè sou Pozisyon a De-Chif



Chè Fanmi,


Nou ap kòmanse yon nouvo inite detid nan matematik ki rele *Nimewo jiska 120 avèk Valè sou Pozisyon a De-Chif*. Inite detid sa se yon kontinyasyon sou travay elèv te fè nan inite anvan yo. Elèv pral konte e swiv nimewo jiska 120 epi konprann ke de chif nan yon nonm a de-chif reprezante divès reprezentasyon sou dizèn ak inite. Elèv pral kapab konpare tou de nonm a de-chif ki baze sou siyifikasyon chif dizèn e inite. Objektif enstriktif espesifik pitit ou pral travay sou yo a nan lis anba avèk egzanp ki montre konpreyansyon elèv nan chak objektif enstriksyon yo.

Objektif Enstriktif: Konte jiska 120 kòmanse nan nenpòt chif, li e ekri nonm jiska 120, epi reprezante jiska 120 objè avèk yon nimeral ekri.

Egzanp Pwoblèm

Edmund tap konplete bann nimewo li epi dlo tonbe sou papye a. Konye a li pakapab wè travay li. Ki nimewo li genyen pou li re-ekri?

91	92	93	94	95	96	97	98	99	100
101	102	103	104	105	106	107	108	109	110
111	112	113	114	115	116	117	118	119	120



Egzanp sou Solisyon Elèv

91	92	93	94	95	96	97	98	99	100
101	102	103	104	105	106	107	108	109	110
111	112	113	114	115	116	117	118	119	120

Edmund pral genyen pou re-ekri nimewo 94, 95, 96, ak 97. Li pral genyen tou pou re-ekri 104, 105, 106, ak 107 answit re-ekri nimewo 114, 115, 116, ak 117.

Objektif Enstriktif: Konpare de nonm a de-chif ki baze sou siyifikasyon dizèn ak inite, itilize senbòl $>$, $=$, e $<$.

Egzanp Pwoblèm

Maggie genyen 68 kreyon. Zara genyen 63 kreyon. Kilès ki genyen mwens kreyon?

Egzanp sou Solisyon Elèv

Tens	Ones	Tens	Ones
6	8	6	3

Nan toulede nonm yo, dizèn yo menm jan alò mwen genyen pou gade inite yo. 8 inite plis ke 3 inite ki vle di 68 \geq 63.

Zara genyen mwens kreyon ke Maggie.

Bagay ou kapab fè lakay pou sipòte pitit ou nan inite detid sa:

- **Dizèn Go Fish**

Objektif la se pou jwenn yon pè nimewo ki egal a 10. File 5 zèl kat (0–10) bay chak jwè. Mete rèz la nan pil la. (Si yon jwè genyen 2 zèl ki vo 10, li mete yo akote epi li tire 2 lòt zèl.) Se tou pa w, mande chak moun pou yon zèl kat an patikilye. Egzanp, si ou genyen 3, ou kapab mande, “Ou genyen yon 7” Si ou genyen yon 7, pran zèl kat la, mete toulede sou tab la, answit pran yon zèl kat nan pil la. Sinon, “go fish” epi pran zèl kat ki anlè pil kat la. Tou pa w fini lè ou pakapab fè yon total 10 pwen. Jwèt la tèmine lè pa genyen yon moun menm ki fè 10 pwen.

- **Konte Pye**

Li [How Many Feet in the Bed?](#) pa Diane Johnston Hamm epi pale sou matematik nan liv la. Poze kesyon tankou: “Konbyen pye ki genyen nan paj sa? Kòman ou rive kalkile sa?” Answit mande pitit pou konte konbyen pye ki genyen nan fanmi ou. Ou kapab pwolonje konvèsasyon sa kote ou kapab mande sou konbyen zye, zòtèy, zorèy, elatriye. Ou te mèt ajoute plis moun ak bèt domestik! “E si Grann ta vini avèk chen li a, alò konbyen zye ki tapral genyen?”

- **Konte Plis pa Gwoup**

Chèche egzanp sou bagay ki vini an gwoup epi mande pitit ou pou konte konbyen total objè oswa atik la ye. Liv ki di [What Comes in 2’s, 3’s and 4’s?](#) pa Suzanne Aker kapab ba ou kèk ide. Ou menm oswa pitit ou kapab kreye kèk pwoblèm pou pataje. “Genyen 3 timoun ki ap monte bisiklèt nan lakou rekreyasyon an. Konbyen wou ki genyen an total?” oswa “Genyen 4 chen nan lari a. Konbyen grif ki genyen an total?”

- **Manyèl Matematik pou Elèv**

Sonje pou refere nan manyèl Matematik Elèv yo ki disponib ni an po di oswa elektwonikman nan Angel. Manyèl Matematik pou Elèv la pral bay plis enfòmasyon sou estrateji entriksyonèl pou ede avèk devwa oswa direksyon sou kòman pou jwe jwèt ke elèv ap travay nan klas sou li yo.

